



**NYC** | **CARES**  
 Children Collaborative Assessment,  
 Response, Engagement & Support

150 William Street New York, NY 10038

## Nimewo kontak

**Non CARES CPS Ia:**

---

Kowòdone \ \ Telefòn Mobil

---

Adrès Imèl

---

Adrès Biwo:

---

**Non Sipèvizè CARES CPS Ia:**

---

Kowòdone \ \ Telefòn Mobil

---

Imèl

---

**Non Manadjè CARES CPS Ia:**

---

Kowòdone \ \ Telefòn Mobil

---

Adrès Imèl

---

**NYC** | **CARES**  
 Children Collaborative Assessment,  
 Response, Engagement & Support

150 William Street New York, NY 10038

**NYC** | **CARES**  
 Children Collaborative Assessment,  
 Response, Engagement & Support



**Nou Ka Ede  
 Fanmi w**

**Pwogram Repons Evalyasyon  
 Fanmi ACS Ia**

Ajiste Pwofil Pratik Repons Diferan nan Ohio.

# Kijan Nou Kapab Fanmi w?

Patisipasyon w nan Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children's Services, ACS) Vil New York kapab entimide ak yon sous konfizyon pou fanmi yo. Pandan gen anpil fason pou jwenn aksè nan sèvis ACS yo, ou te vin patisipe paske yon moun te fè yon rapò bay Eta a konsènan yon enkyetid sou sekirite pitit ou. Pou reponn enkyetid la, ACS pral nome yon Espesyalis Pwotesyon Timoun (Child Protective Specialist, CPS) espesyalize nan Evalyasyon Kolaborativ, Entèkansyon, Angajman ak Sipò, pou rankontre avèk ou, si ou enterese.

Oumenm ak CARES CPS ou pral pale sou sitiyasyon an, ansanm ak evènman ak aksyon ki ka te lakòz sitiyasyon sa a, detèmine pi bon fason yo pwoteje sekirite oumenm ak pitit ou. CARES CPS ou an pral poze ou kesyon sou pwèn fò ak difikilte fanmi ou konfwonte epi sou kijan nou kapab travay ansanm pou abòde pwoblèm sa yo. Ansanm nou pral kreye yon plan ak solisyon ki santre sou timoun, ki konsantre sou fanmi, epi ki baze sou solisyon pou kenbe pitit ou an sekirite. Si pa gen okenn danje grav oswa imedya pou pitit ou ta sibi ditò, ou kapab chwazi aksepte oswa refize sèvis yo. Nan CARES, pwogram Entèkansyon Evalyasyon Fanmi ACS la, yo pa pran okenn detèminasyon sou rapò enkyetid la kidonk pa gen okenn endikasyon oswa rapò san fondman sou dosye ou.

## OBJEKTIF NOU SE TRAVAY AVÈK OU POU:

### Angaje

Etabli objektif komen pou evalye ak ankouraje sekirite, byennèt ou ak pèmanans pitit ou a.

### Evalye

Kolekte enfòmasyon sou fòs ak bezwen fanmi ou.

### Patenarya

Devlope relasyon ki gen anpil respè epi ki siyifikatif ak fanmi ou pou atenn objektif nou pataje.

### Planifikasyon

Devlope estrateji, dekri travay epi tabli objektif avèk ou.

### Aplike

Idantifye epi aplike sèvis ak resous ki pi bon pou fanmi ou.

### Evalye

Siveyans rezilta sèvis plan ak pwogram yo pou verifye si yo reponn ak objektif yo vle pou fanmi ou an.

### Defann

Bay yon entèkansyon pou fanmi w jwenn resous nesèsè nan men yon lòt gwoup oswa òganizasyon.

### Demontre Konpetans Kiltirèl ak Divèsite

Aprann ak onore divèsite fanmi ou nan ak atravè tout kilti.

### Kominike

Voye ak resevwa enfòmasyon nan yon fason efikas nan divès metòd.

### Kolabore

Kenbe yon relasyon mityèl ki itil ak byen defini.

## CARES - Kolaborasyon Evalyasyon, Repons, Angajman & Sipò

Administrasyon Sèvis pou Timoun (Administration for Children's Services, ACS) gen de (2) opsyon pou reponn lè Eta a aksepte rapò sou abi ak neglijan pou timoun: yon chemen Entèkansyon Tradisyonèl ak yon chemen Evalyasyon Kolaborativ, Entèkansyon, Angajman ak Sipò (Collaborative Assessment, Response, Engagement & Support (CARES)). Toude wout yo pèmèt anlwaye ACS

CARES CPS up abòde enkyetid sekirite inik, risk ak pwèn fò chak fanmi, nan yon fason ki kolaboratif ak anpil respè. Nan de (2) ka yo, objektif prensipal la se sekirite timoun lan.

Pa gen okenn desizyon / konklizyon fòmèl sou rapò a ki fèt pou ka CARES yo.

## Repons CARES pou enkyetid sou sekirite timoun yo

Lè yo resevwa yon apèl telefòn oswa vizit Sèvis Timoun yo, sa kapab fè fanmi yo pè, espesyalman lè yo te deja ap goumen ak pwoblèm epi defi ki bay estrès. Nou konprann fanmi yo ka santi yo wont, pè oswa santi kòlè lè yo rapòte yo. Nou konprann tou fanmi yo kapab santi yo menase si gen yon posibilite pou gouvènman an

entèvni nan lavi yo.

Li enpòtan pou ACS ede fanmi yo byen vit pou ede kenbe timoun yo an sekirite ak pou fanmi yo jwenn sipò. Kolaborasyon Evalyasyon, Entèkansyon, Angajman & Sipò (CARES) ofri posiblite sa a.

## Poukisa pou w itilize CARES?

CARES baze sou kwayans paran yo renmen pitit yo, vle pou yo an sekirite, epi vle grandi ansanm ak yo tankou yon fanmi. Pafwa paran yo kapab bezwen èd pou sa rive posib. CARES kapab bay èd sa a. Gen kèk paran ki ap goumen pou kenbe timoun yo an sekirite.

Lè sa rive, Sèvis pou Timoun yo dwe reponn nan fè yon evalyasyon apwofondi ak envestigasyon pou evalye ak ankouraje sekirite timoun yo. CARES se yon repons altènatif ki la pou tout moun sof nan ka ki pi grav sou abi ak neglijan sou yon timoun.

## De (2) Chemen pou Ede Garanti Sekirite Timoun la

### Entèkansyon Tradisyonèl

- ➔ Yo toujou mande rapò sou abi seksyèl, abi ki lakòz domaj ki grav, epi chak fwa yo detèmine timoun yo nan yon danje grav epi imedya
- ➔ Li kapab gen ladan li entèkansyon nan tribinal
- ➔ Li pral lakòz yon desizyon/konklizyon sou akizasyon an

### CARES

- ➔ Yo itilize li lè rapò sou abi oswa neglijan yo pa endike danje grav oswa iminan
- ➔ Li gen ladan li patenarya ki konsantre sou sekirite ak fanmi yo
- ➔ Li pa lakòz yon desizyon/konklizyon sou akizasyon an